# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन कार्यक्रम के दौरान करीब दुइ सौ पचास लोगिन क समेस्या सुनलें आ ओकरे निस्तारण क निरदेस सम्बन्धित अधिकारियन के दिहलें। जनता दरसन के दौरान बिदेस भेजले के नांव पर धोखाधड़ी कइल गइले क सिकाइति सामने अइले पर मुख्यमंत्री अधिकारी लोगिन के ठगी करे वाले एजेंटन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइले क निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि बिदेस में नोकरी दियवले के नांव पर धोखाधड़ी करे वालन से पीड़ितन क पइसो वापिस दियावल जाए।

**********

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जेपी नड्डा आजु किंग जार्ज चिकित्सा विश्वविद्यालय–केजीएमयू लखनऊ के दीक्षांत समारोह में मुख्य अतिथि के रूप में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के अपने सम्बोधन में कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में देस क स्वास्थ्य क्षेत्र में बड़हन बदलाव भइल हौ। एगो समय रहे जब देस में खाली तीनि सौ सतासी मेडिकल कॉलेजे रहे बाकिर आजु ई संख्या बढ़ि के आठ सौ ओन्नइस मेडिकल कॉलेज ले पहुंचि गइल बा। श्री नड्डा कहलें कि देस के जरूरति के मोताबिक प्रधानमंत्री स्वास्थ्य आ चिकित्सा क्षेत्र के सक्षम बनवले हवें।

***जहां एक ऑल इण्डिया मेडिकल साइंसेज होता था आज वहां 23 ऑल इण्डिया मेडिकल साइंसेज है। इसमें आज देश की जो आवश्यकता है उसके लिये पॉलिसी मेकर्स ने प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्व में आज भारत को सक्षम बनाया है।***

समारोह के राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आ केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरियो सम्बोधित कइलें। समारोह के दौरान कुलि दुइ हजार चारि सौ से बेसी छात्र–छात्रा लोगिन के डिगिरी दीहल गइल। केन्द्र सरकार क प्रधान वैज्ञानिक सलाहकार डॉक्टर अजय सूद के डी–एससी क मानद उपाधि दीहल गइल। येह मौका पर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, चिकित्सा राज्य मंत्री मयंकेश्वर शरण सिंह, केजीएमयू क कुलपति प्रोफेसर सोनिया नित्यानंदो मौजूद रहलिनि।

**********

केन्द्र सरकार बरिस दुइ हजार छब्बीस–सत्ताइस के बजट खातिर लोगिन से सुझाव आ बिचार मंगले हवे। बजट फरौरी में पेस कइल जाई। येह पहल क उद्देस्य समावेसी विकास आ राष्ट्रीय प्रगति के बढ़ावा देत जनता क आकांक्षा आ जरूरति के धियान में रक्खल हवे। सुझाव www.mygov.in पोर्टल पर भेजल जा सके ला।

**********

नागर विमानन मंत्रालय कुहेसा आ कम दृस्यता क हालति के देखत सज्जो विमानन कम्पनियन के यात्री सुविधा से जुड़ल मानदण्ड क कड़ाई से पालन कइले क निरदेस दिहले हवे। मंत्रालय कहले हवे कि विमानन कम्पनी के समय पर आ सटीक उड़ान जनकारी सुनिस्चित कइले, लमहर देरी के दौरान खाना अउर जलपान क इंतिजाम करावे आ उड़ान रद्द भइले के हालति में दुबारा बुकिंग चाहे पइसा वापसी क सुविधा दिहले क निरदेस दीहल गइल बा।

**********

भारत दुनिया क तिसरका सबसे बड़हन घरेलू विमानन बजारि बनि गइल बा। एगो रिपोर्ट–

***नागर विमानन सचिव समीर कुमार सिन्हा ने कहा है कि देश के विमान बेड़े की संख्या 2014 में 395 की तुलना में 2025 में बढकर 844 हो गई है। उन्होंने नागर विमानन मंत्रालय के अधीन नागर विमानन महानिदेशालय द्वारा आयोजित एक संगोष्ठी में कहा कि पिछले एक दशक में, देश में यात्रियों की संख्या में प्रतिवर्ष औसतन 9 प्रतिशत की वृद्धि हुई है, जबकि माल ढुलाई में 2 दशमलव 9 प्रतिशत की वृद्धि हुई है। समाचार कक्ष से मैं मनोज।***

**********

राजस्व लेखपाल भरती में आरक्षण से जुड़ल बिसंगतियन पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के धिरवनिया के बाद राजस्व परिषद श्रेणीवार खाली पदन क दुबारा समीक्षा कइ रहल हौ। मुख्यमंत्री के निरदेस के बाद राजस्व परिषद भरती के ले के अधीनस्थ सेवा चयन आयोग के दुबारा संसोधित अधियाचना भेजी। येह मामिला में मुख्यमंत्री कहलें कि सरकारी भरतियन में आरक्षण व्यवस्था क अक्षरसः पालन जरूरी बा। उहां के धिरवनिया दिहलीं कि आरक्षण से जुड़ल मामिलन में कउनों तरह क बिसंगति पावल गइले पर सम्बन्धित अधिकारियन क जबाबदेही तय कइल जाई।

**********

अजोध्या में श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के ओरि से प्रतिष्ठा द्वादशी उत्सव भव्यता से मनवले क तइयारी कइल जा रहल हौ। आयोजन के ले के आजु कई गो मंदिरन क संत लोगि आ ट्रस्ट क खास कार्यकरता लोगिन क बइठकी भइल। ट्रस्टी डॉक्टर अनिल मिश्रा बतवलें कि ओन्तीस दिसम्बर से दुइ जनौरी ले होखे वाला उत्सव के दौरान श्रीराम मंदिर परिसर में नियमित दरसन स्वभाविक तौर पर चलत रही।

**********

प्रदेस भर में कड़ेर ठंडी पड़ि रहल बा। गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के कुछु पूरबी जिलन में आजु भिन्नहियें से चलि रहल ठंडी बेयारि गलन क एहसास ढेरे बढ़ा दिहले हौ। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन ले प्रदेस के पूरबी इलाकन में कई जगहिनि पर घना कुहेसा आ शीत दिवस क अलर्ट जारी कइले हौ।

**********